



**Biwo Prizon Federal yo
Manyèl Aksè Legal Detansyon
Anvan Jijman**

Enfòmasyon sou fason adilt nan detansyon anvan jijman
ka jwenn aksè a tribinal ak avoka yo.

Manyèl Aksè Legal Detansyon Anvan Jijman

Tab Matyè yo

Entwodiksyon	4
Èske manyèl sa a aplike pou mwen?.....	4
Ki enstalasyon manyèl sa a kouvri?.....	4
Kesyon?.....	5
Asistans ak Lang ak Lòt Akomodasyon yo.....	6
Vizit legal	8
Vizit legal an pèsòn.....	8
Ki lè vizit legal yo?	8
Vizit legal ki pa ak yon avoka.....	8
Vizit Legal Vityèl	9
Kominikasyon ak Avoka w la.....	9
Kominikasyon Telefònik.....	9
1. Telefòn Legal Dirèk nan Inite Anvan Jijman yo	9
2. Apèl legal yo pwograme ak Ekip Inite a.....	10
3. Apèl TRUFONE	10
Kominikasyon Imèl.....	11
Kourye Legal oswa Espesyal	11
Dokiman Legal	12
Èske avoka mwen an ka pote dokiman legal?	12
Fè Kopi Dokiman Legal.....	13
Mande Biwo a Dosye Ou yo	13
Kouman mwen ka wè dokiman dosye anvan jijman mwen an?	13
Kouman mwen ka jwenn yon kopi dosye sante mwen ?	14
E dokiman ki pa ka divilge? Oswa dokiman ki pa nan dosye mwen?.....	14
Bibliyotèk Dwa Elektwonik ak Fizik.....	14

Èske mwen ka tape yon dokiman?.....	15
Èske mwen ka fè pwòp rechèch legal mwen?	15
Kilè mwen ka itilize Bibliyotèk Dwa a?	15
Revizyon Enfòmasyon	16
Kouman mwen ka revize enfòmasyon mwen?	16
E enfòmasyon anba yon lòd pwoteksyon? Oswa enfòmasyon ak enfòmasyon sansib?	16
Mete etikèt sou enfòmasyon elektwonik.....	16
Odinatè Enfòmasyon.....	17
Revizyon enfòmasyon elektwonik pa enstalasyon anvan jijman yo.....	17
Notè Piblik	19
Linèt	19
Linèt preskripsyon	19
Linèt pou w li	19
Egzamen Je	19
Revize Rapò Anvan Santans yo	20
Ki sa ki nan PSR mwen an?.....	20
Anvan Santans	20
Apre Santans	20
Aksè legal nan Inite Lojman Espesyal	21

Entwodiksyon

Manyèl Aksè Legal Detansyon Anvan Jijman sa a gen enfòmasyon sou aksè legal nan Biwo Prizon (“Biwo”) pou granmoun ki nan detansyon avan jijman avèk ka legal kriminèl ki annatant yo.

Enfòmasyon yo aktyèl apati dat piblikasyon an. Pou jwenn enfòmasyon sou detansyon ou ki pa gen rapò ak aksè legal, gade nan Manyèl Admisyon ak Oryantasyon enstitisyon w la.

Èske manyèl sa a aplike pou mwen?

Yon dosye kriminèl kòmanse lè yon pwosekitè arete w epi akize w ke w swadizan komèt yon krim, oswa krim yo. Jij la ap deside si l ap libere oswa kenbe w nan prizon pandan dosye w la ap avanse. Si jij la kenbe ou nan prizon, Lè sa a, Manyèl sa a aplike a ou menm. Manyèl sa a ap aplike a ou menm pandan ou nan detansyon avan jijman Biwo a epi jiskaske ou kondane.

Moun ki gen estati anvan jijman gen sèten dwa konstitisyonèl aksè a pwosesis legal la ak avoka yo. Aksè a avoka ou gen ladann aksè a nenpòt asistans legal ki nan ekip defans la.

Ki enstalasyon manyèl sa a kouvrí?

Manyèl sa a se yon gid jeneral pou jwenn aksè legal nan etablisman anvan jijman Biwo a. Règleman ak pwosedi yo ka diferan si:

- yo transfere w nan yon etablisman ki pa opere pa Biwo a.
- yo kondane ou nan ka kriminèl ou a epi yo transfere w nan yon prizon Biwo a ki loje moun k ap sèvi santans kriminèl yo.

Enstalasyon sa yo se pou moun ki nan prizon anvan jijman.

Etablisman Detansyon Anvan Jijman yo:

- | | |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none">• MDC Brooklyn• MCC Chicago• MDC Guaynabo• FDC Honolulu• FDC Houston | <ul style="list-style-type: none">• MDC Los Angeles• FDC Miami• FDC Philadelphia• FDC SeaTac• MCC San Diego. |
|--|--|

Etablisman ki gen Sant Detansyon Anvan Jijman:

- | | |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none">• FDC Atlanta• FDC Milan• FDC Sheridan• FDC Tallahassee | <ul style="list-style-type: none">• FDC Englewood• FDC Fort Worth• FDC Seagoville |
|--|---|

Genyen tou lòt enstalasyon Biwo a ki gen inite anvan jijman oswa espas pou kabann. Si ou se yon Adilt ki nan Detansyon anvan jijman (AIC) nan yon Etablisman Biwo a ki pa youn nan etablisman ki nan lis etablisman anvan jijman yo, ou ta dwe gen menm aksè legal oswa aksè ki sanble. Sa enkli si ou nan yon etablisman pou yon egzamen sante mantal oswa restorasyon.

Si ou pa konnen pwosedi lokal pou aksè legal nan etablisman ou la, ou ka fè yon demann aksè legal bay Ekip Inite w la alekri.

Kesyon?

Manyèl sa a se yon gid jeneral. Li ka pa reponn tout kesyon sou aksè legal.

Si w gen kesyon, mande Ekip Inite w la. Ekip sa a gen ladan Manadjè Inite a, Konseye, Manadjè Ka a, ak Sekretè Inite a. Ekip Inite w la pa kapab ba ou okenn konsèy legal. Pou nenpòt konsèy legal ou dwe mande avoka ou.

Asistans ak Lang ak Lòt Akomodasyon yo

Mwen bezwen manyèl sa a nan yon lòt lang ke lang sa mwen te resevwa a!

Please show an employee this sentence if you need this Pretrial Detention Legal Access Handbook in this language (English).

[يرجى أن تظهر هذه الجملة لأحد الموظفين إذا أردت الحصول على دليل الوصول القانوني لما قبل المحاكمة بهذه اللغة (العربية). [Arabic]]

Muéstrele esta oración a un empleado si necesita este Manual de acceso jurídico durante la detención previa al juicio en este idioma (español). [Spanish]

Խնդրում ենք աշխատակցին ցոյց տպա այս նախադասությունը, եթե Զեզ անհրաժեշտ է այս լեզվով [հայերեն] նախնական կայանքի իրավական մուտքի ձեռնարկը: [Armenian]

如果您需要这种语言（简体中文）的审前拘留法律服务手册，请向员工出示此句子。[Chinese – Simplified]

如果您需要這種語言（繁體中文）的審前拘留法律服務手冊，請向員工出示此句子。[Chinese – Traditional]

لطفاً اگر به این دفترچه راهنمایی دسترسی قانونی بازداشت پیش از محاکمه به زبان دری نیاز دارید به کارمندان این جمله را نشان دهید. [Dari]

ਕਿਰਪਾ ਕਰਕੇ ਕਿਸੇ ਕਰਮਚਾਰੀ ਨੂੰ ਇਹ ਵਾਕ ਦਿਖਾਓ ਜੇਕਰ ਤੁਹਾਨੂੰ ਇਸ ਭਾਸ਼ਾ (ਪੰਜਾਬੀ) ਵਿੱਚ ਪ੍ਰੀ-ਟਰਾਈਲ ਡਿਟੈਸ਼ਨ ਲੀਗਲ ਐਕਸੈਮ ਹੈਂਡਬੁਕ ਦੀ ਲੋੜ ਹੈ। [Eastern Punjabi]

لطفاً اگر به این دفترچه راهنمایی دسترسی قانونی بازداشت پیش از محاکمه به زبان فارسی نیاز دارید به کارمندان این جمله را نشان دهید. [Farsi.]

Veuillez montrer cette phrase à un employé si vous avez besoin de ce guide d'accès juridique lors de la détention provisoire dans cette langue (français). [French]

Bitte zeigen Sie diesen Satz einem Angestellten, wenn Sie dieses Handbuch für den Zugang zu Rechtsdienstleistungen für Personen in Untersuchungshaft in dieser Sprache (Deutsch) benötigen. [German]

Παρακαλείσθε να δείξετε σε έναν υπόλληλο αυτήν την πρόταση εάν χρειάζεστε αυτό το εγχειρίδιο νομικής πρόσβασης κατά την προφυλάκιση σε αυτήν τη γλώσσα (ελληνικά). [Greek]

Tanpri montre yon anplwaye fraz sa a si ou bezwen Manyèl Aksè Legal Detansyon Anvan Jijman sa a nan lang sa (Kreyòl). [Haitian Creole]

Mostra a un dipendente questa frase se hai bisogno di questa Guida per l'accesso legale durante la custodia cautelare in questa lingua (italiano). [Italian]

あなたがこの言語（日本語版）の未決拘留者の法的権利へのアクセスに関するハンドブックを必要とする場合は、この文を担当者に示しください。 [Japanese]

귀하가 이 언어(한국어)로 된 미결 구금 법적 접근 안내서가 필요한 경우, 이 문장을 직원에게 보여주십시오.
[Korean]

Por favor, mostre esta frase a um funcionário, se você precisar deste Manual de Acesso Jurídico para Detenção Pré-Julgamento neste idioma (português). [Portuguese]

Если вам нужно получить этот "Справочник о правах доступа к юридическим услугам во время досудебного содержания под стражей" на этом языке (на русском) – просим вас показать это предложение работнику заведения. [Russian]

Покажите неком од запослених ову реченицу ако вам овај Приручник о приступу правним питањима за лица у притвору треба на овом језику (српски). [Serbian]

Mangyaring ipakita sa isang employado ang pangungusap na ito kung kailangan mo itong Polyeto ng Legal na Pag-abot ng Pretrial na Pagkulong sa wikang ito (Tagalog). [Tagalog]

กรุณาแสดงประทีคันี้แก่พนักงานหากคุณต้องการคุ้มครองความลับของคุณอย่างกฎหมายระหว่างการควบคุมตัวก่อนการขึ้นพิจารณาคดีในตามภาษาในเล่มนี้ (ไทย) [Thai]

Bu Yargılama Öncesi Gözaltı Yasal Erişim El Kitabına bu dilde (Türkçe) ihtiyacınız varsa lütfen bir çalışana bu cümleyi gösterin. [Turkish]

Якщо вам потрібно отримати цей "Довідник з прав доступу до юридичних послуг при досудовому утриманні під вартою" на цій мові (на українською) - просимо показати це речення працівнику закладу. [Ukrainian]

اگر آپ کو پری ٹرائل کے مقدمے کے دوران قانونی امداد تک رسائی کے متعلق یہ بینڈ بک اس زبان (اردو) میں چاہئیے، تو براہ کرم کسی ملازم کو یہ جملہ دکھائیں۔ [Urdu]

Vui lòng cho nhân viên thấy câu này nếu quý vị cần một bản dịch tiếng Việt của Sở Hướng dẫn Cách tiếp cận Pháp lý khi bị Tạm giam Trước xét xử này. [Vietnamese]

Si w pa pale Anglè, ou ka mande Ekip Inite w la itilize yon sèvis tradiksyon pwofesyonèl, Language Line Services (LLS), pou eksplike enfòmasyon enpòtan nan etablisman an.

Si ou soud oswa ou gen pwoblèm pou tandé, ou ka mande enfòmasyon alekri oswa sèvis tradiksyon nan lang ak siy nan Ekip Inite w la.

Si w bezwen asistans oswa akomodasyon adisyonèl pou jwenn aksè nan nenpòt nan pwogram oswa sèvis sa yo akòz yon andikap, ou ka soumèt yon demann pou yon akomodasyon bay Ekip Inite w la.



Vizit legal

Ou gen dwa pou rankontre avèk avoka w la pou diskite sou ka w la. Nenpòt komunikasyon ant ou menm ak avoka ou pandan yon vizit legal konfidansyèl. “Konfidansyèl” vle di lòt moun pa ta dwe kapab koute oswa tande konvèsasyon w. Sa vle di tou ou pa oblige di pèsonn sa ou te diskite ak avoka ou la.

Vizit legal an pèsòn

Avoka w la ka vizite w an pèsòn nan lè vizit legal yo jan yo detèmine pa etablisman lokal ou a. Si w nan yon Inite Lojman Espesyal, avoka w la ka bezwen pran yon randevou pou fè yon vizit legal avèk ou. Vizit legal ou a ta dwe fèt nan yon espas prive pou ou ka gen yon konvèsasyon konfidansyèl ak avoka ou. Anplwaye Biwo yo ta dwe kapab wè ou pandan vizit legal men yo pa ta dwe kapab koute oswa tande konvèsasyon ou.

Si chanm vizit prive yo plen, ou ka oblige rete tann jiskaske yon chanm disponib oswa rankontre avoka ou yon lòt lè. Gen kèk enstalasyon ki kite avoka yo rankontre ak kliyan yo nan yon zòn komen. Sepandan, rankontre ak avoka ou nan yon zòn komen ap fè li pi difisil pou fè yon konvèsasyon prive san pa gen moun k'ap koute oswa tande. Avoka w la ap fè w konnen si sa se pi bon opsyon an.

Ki lè vizit legal yo?

Orè vizit legal yo disponib sèt (7) jou pa semèn. Chak etablisman gen lè diferan.¹ Nan kèk sitiyasyon, ou ka fè aranjman pou vizit legal ak avoka ou andeyò lè regilye yo. Sa baze sou sikostans ka w ak disponiblite anplwaye yo.

Vizit legal ki pa ak yon avoka

Anjeneral, Biwo a konsidere manm ekip defans ou ki pa avoka kòm yon “asistan legal”. Yon asistan legal ta ka:

- yon envestigatè
- yon sikolog
- yon travayè sosyal
- yon ekspè alejman
- yon paralegal
- yon estajyè ki gen omwen 18 lane
- yon temwen ekspè yo anplwaye
- yon grefye

¹ Orè vizit legal yo ka differan si w nan Inite Lojman Espesyal (SHU) oswa pandan sitiyasyon ijans.

Paske moun sa yo pa avoka ki gen lisans, yo dwe swiv règleman separe pou vizite w.

Avoka w ap bezwen ranpli yon BP-A0243, Aplikasyon pou Antre nan Enstitisyon kòm Reprezantan (“Fòm Reprezantan”) pou mande pou yo apwouve yon asistan legal vizite w. Yo dwe fè sa yon fwa chak ane. Si asistan legal la pa yon anplwaye ki gen kalifikasyon nan Defansè Piblik Federal la, yo bezwen tou pase yon chèk background yon fwa chak ane.² Lè yo apwouve asistan legal la, yo pral gen menm estati ak avoka w pou vizit legal.³

Pou plis enfòmasyon sou vizit legal an pèsòn, gade Deklarasyon Pwogram 1315.07, Aktivite Legal, Prizonye, Secs. 12 ak 15.

Vizit Legal Vityèl

Avoka ou a ka mande etablisman pou yon vizit legal vityèl an dapre sikostans ka w la ak disponiblite anplwaye yo. Nan ka ki ra, yon etablisman ka ofri vizit legal vityèl sou yon baz regilye.

FDC Sheridan Sèlman

Si w nan FDC Sheridan, avoka w la ka planifye yon vizit legal vityèl ak Defansè Federal Oregon la, ki pral bay etablisman an orè a.

MDC Brooklyn Sèlman

Si w nan MDC Brooklyn, avoka w la ka planifye yon vizit legal vityèl ak Biwo Defansè Federal Distri Lès la, ki pral bay etablisman an orè a.

Kominikasyon ak Avoka w la



Kominikasyon Telefònik

Gen twa fason ou ka pale ak avoka ou la nan telefòn.

1. Telefòn Legal Dirèk nan Inite Anvan Jijman yo

Dis sant detansyon anvan jijman yo gen yon telefòn nan inite anvan jijman yo pou apèl legal yo. Sa pèmèt yo fè apèl kout, dirèk, san siveyans, bay nimewo telefòn ki pre-pwogramé yo ak verifye nimewo telefòn avoka defans la.

Èske mwen ka fè yon apèl nan telefòn sa pou rele avoka mwen an?

² Si gen yon bon rezon nan yon ka endividyle, etablisman an ka mande pou asistan legal la re-otorize plis pase yon fwa pa ane.

³ Asistan legal la dwe gen yon relasyon sipèvizon kontinyèl ak avoka w la pou resevwa estati avoka pou vizit legal ak kominikasyon alekri.

- Si w gen yon avoka ki travay pou Defansè Federal la, ou ta dwe kapab fè yon apèl konfidansyèl nan telefòn sa a.
- Si ou gen yon avoka ki pa yon anplwaye Defansè Federal la, ou ka anmezi pou fè yon apèl konfidansyèl nan telefòn sa a. Ou ka mande Ekip Inite a ak/oswa avoka w la.

2. Apèl legal yo pwograme ak Ekip Inite a

Si w bezwen yon apèl telefòn san siveyans ki pi long ak avoka w la, oumenm oswa avoka w ka mande pou Ekip Inite w la tabli yon apèl san siveyans.

Yo pral bay apèl sa selon sikontans ka kriminèl ou ak disponiblite anplwaye yo. Yo ap otorize apèl souvan oswa pwolonje san sipèvizon avèk avoka w sèlman si w kapab montre ke lapòs regilye, vizit oswa apèl telefòn ak avoka w la pa ase. Pa egzanp, si w gen yon dat limit nan tribinal k ap vini oswa avoka w la lwen. Ou dwe soumèt demann ou pou yon apèl san siveyans bay Ekip Inite w la sou fòm BP-A0148, Demann Prizonye a Anplwaye. Yo pral konsidere demann sa yo ka pa ka.

3. Apèl TRUFONE

Ou ka mande tou pou ajoute nimewo telefòn avoka w la nan lis telefòn TRUFONE ou. Si w rele avoka w nan telefòn nòmal sa a, **apèl la p ap konfidansyèl**. Li ap anrejistre. Lòt moun nan lapolis, tankou pwosekitè nan dosye kriminèl ou a ka koute epi pataje anrejistreman sa yo. Anjeneral yo ka fè w peye yon frè pou apèl sa yo sof si yo fè yo kolèk.

MDC Brooklyn Sèlman

Si w nan MDC Brooklyn avoka w la ka mande yon apèl legal pwograme atravè biwo Defansè Federal Distri Lès la ki pral bay etablisman orè a.

MCC Chicago Sèlman

Si w nan MCC Chicago, avoka ou la ka mande pou yon apèl legal avèk ou yon jou lasemèn. Chak apèl limite a 30 minit. Avoka w dwe pran yon randevou pou apèl sa yo.

FDC Honolulu Sèlman

Si w nan FDC Honolulu epi avoka w ap viv andeyò zile Oahu a, ou ka mande Ekip Inite w la pou apèl legal konfidansyèl ak avoka w la pi souvan.

FDC Sheridan Sèlman

Si w nan FDC Sheridan avoka w la ka mande yon apèl legal pwograme atravè biwo Defansè Federal Oregon la ki pral bay etablisman an orè a.

Pou plis enfòmasyon sou apèl legal yo, gade Deklarasyon Pwogram 5264.08, Règleman Telefòn pou Prizonye.

Kominikasyon Imèl

Nòmalman, ou ka kreye yon kont imèl atravè TRULINCS. Lè sa a, ou ka ajoute adrès imèl avoka ou la nan lis kontak TRULINCS ou. Lè w ajoute adrès imèl avoka w la nan lis kontak ou, TRULINCS ap voye yon mesaj otomatik bay avoka w la pou l mande yo swa aksepte oswa rejte imèl ou yo. Yon fwa avoka ou la aksepte, ou ka kòmanse voye imèl bay youn lòt.

Imèl ou voye ak resevwa sou TRULINCS **PA** konfidansyèl. Sa vle di lòt moun ka jwenn aksè epi yo kapab li yo.

Kourye Legal oswa Espesyal

Lèt ke yon avoka voye ba ou konsidere kòm kourye legal. Avi Espesyal Lapòs, (BP-A0493), se yon dokiman ou ka itilize pou avize avoka w sou kondisyon pou korespondans ant avoka-kliyan. Ou ka mande Ekip Inite a pou yon kopi.

Lèt k'ap rantre – kourye avoka w la voye ba ou.

Kourye legal k ap rantre dwe make. Etikèt la dwe genyen yon adrès pou retounen li epi idantifye non konplè avoka w la epi kòm "Avoka". Kourye ki make "Kourye Legal – Louvri sèlman nan prezans prizonye a" ansanm ak idantifikasiyon apwopriye ap gen pou trete kòm kourye legal. Se responsabilite w pou w enfòme avoka w sou egzijans etikèt yo. Avoka w la dwe idantifye tèt yo kòm "Avoka". Ekri "Kabinè avoka" oswa "Esq." pa ase.

Egzanz:

Non Avoka yo
Tit "Avoka".
Adrès Konplè¹
Vil, Eta, Kòd Postal



Kourye Legal
Louvri sèlman nan prezans
prizonye a

Non konplè ak nimewo anrejistreman
Adrès konplè Enstisyon an
Vil, Eta, Kòd Postal

Yo ap trete Kourye legal ki pa make kòrèkteman kòm korespondans jeneral. Sa vle di yon anplwaye Biwo kapab louvri, enspekte, li, epi kopye kourye a.


Kourye espesyal k ap vini an gen ladan kourye yo resevwa nan kote sa yo: Prezidan ak Vis Prezidan Etazini, avoka, Manm Kongrè Ameriken an, Anbasad ak Konsila, Depatman Jistik Etazini (eksepte Biwo Prizon men ki gen ladann Avoka Ameriken), lòt ofisyè lapolis federal yo, Pwokirè Jeneral Eta, Avoka Pwosekisyon an, Gouvènè, Tribunal Ameriken yo (ki gen ladan Ofisyè Pwobasyon Etazini yo), ak Tribunal Eta yo. Pou yo trete korespondans k ap vini dapre pwosedi espesyal lapòs yo (gade §§ 540.18--540.19), fòk non konplè moun k ap voye l la idantifye klèman sou anvlòp la, epi devan anvlòp la dwe make "Special Mail — Louvri sèlman nan prezans prizonye a".

Lè yo resevwa kourye espesyal oswa legal, anplwaye yo ap louvri yo sèlman an prezans ou, sof si yo gen bon jan rezon pou yo sisipèk genyen kontrebann ladan l. Òdinèman, yo trete kourye a nan (24) èdtan apre yo resevwa yo pandan lasemèn. Anjeneral yo pa trete kourye nan wiken ak jou ferye.

Sòtan - kourye ou voye.

Kourye Legal oswa Espesyal yo voye bay avoka w oswa tribunal la yo dwe make “Legal Mail” oswa “Special Mail” epi sele. Yo dwe voye kourye legal oswa espesyal ki soti nan men anplwaye ki nan inite lojman an oswa nan Ekip Inite a, ansann ak non w, nimewo anrejistreman w, ak adrès retou. Yo pa trake kourye legal oswa espesyal sof si yo voye l pa kourye sètifye. Ou dwe peye yon frè adisyonèl pou kourye sètifye.

Egzanp:



“Kourye Espesyal” vle di korespondans yo voye bay moun sa yo: Prezidan ak Vis Prezidan Etazini, Depatman Jistik Etazini (ki gen ladan Biwo Prizon yo), Biwo Avoka Ameriken yo, Chirijyen Jeneral, Sèvis Sante Piblik Etazini, Sekretè Lame a, Marin, oswa Fòs Ayeryen, Tribunal Ameriken yo (ki gen ladann Ofisyè Pwobasyon Etazini), Manm Kongrè Ameriken yo, Anbasad ak Konsila, Gouvènè, Pwokirè Jeneral Eta a, Avoka Lajistis, Direktè Depatman Koreksyon Eta a, Komisyonè Kondisyon Libète Eta a, Lejislatè Eta a, Tribunal Eta a, Ofisyè Pwobasyon Eta a, lòt moun ki fè respekte lalwa federal ak Eta, biwo, avoka, ak reprezantan medya yo.

Dokiman Legal



Dokiman legal enkli nenpòt dokiman ki gen rapò ak ka legal ou a, tankou dokiman oswa nòt yo. Ou gen dwa pote yon kantite rezonab dokiman legal avèk ou nan yon vizit legal si ou resevwa apwobasyon anplwaye Biwo a.

Èske avoka mwen an ka pote dokiman legal?

Avoka ou la ka pote dokiman legal nan etablisman an lè yo vizite w. Sepandan, jeneralman ou pa ka pran dokiman yo lè vizit la fini.

Gen yon bwat pou depoze kourye legal ki sitiye nan antre a/antre devan an. Avoka oswa Asistan Legal ki apwouve yo ka depoze dokiman legal nan bwat la pou ou anvan oswa apre vizit ou a.

Asire w ke avoka w byen make dokiman legal yo ak:

- non yo,
- “Avoka” kòm tit yo,
- non ou,
- nimewo anrejistremou
- adrès pou retounen kourye a, ak
- deklarasyon sa a: “Kourye espesyal [oswa Legal] – Louvri sèlman nan prezans Prizonye a.”

Si dokiman legal ou yo pa make ak enfòmasyon sa yo, yo pral trete yo kòm korespondans jeneral. Pifò dokiman legal yo ta dwe voye pa lapòs kòm kourye legal oswa yo ta dwe mete yo nan yon bwat kourye legal nan etablisman an.

Nòmalman, ou pa ka soti nan tribinal oswa nan yon vizit legal ak lòt dokiman legal adisyonèl lè w ap retounen nan enstalasyon yo. Si avoka ou vle ba ou dokiman legal adisyonèl, yo dwe poste yo atravè pwosedi lapòs legal la oswa depoze yo nan bwat lèt legal la nan etablisman an.

Pou plis enfòmasyon, gade Deklarasyon Pwogram 1315.07, Aktivite Legal, Prizonye ak Deklarasyon Pwogram 5265.11, Korespondans.

Fè Kopi Dokiman Legal

Ou ka mande Depatman Edikasyon an pou ède w fè kopy dokiman ki nesesè pou rechèch ou oswa zafè legal ou yo. Anjeneral, yon machin pou fè kopi disponib nan Depatman Edikasyon an. Yo ap dedwi pri kopi yo sou kont prizonye w la.

Anplwaye Biwo a ka anile pri a si ou bezwen kèk gress kopi oswa ou pa gen lajan epi ou bezwen yon kantite kopi gratis ki rezonab.

Mande Biwo a Dosye Ou yo



Kouman mwen ka wè dokiman dosye anvan jijman mwen an?

Ou ka mande pou w wè dosye w anvan jijman w lan (eksepte dosye sante w) anba sipèvizon Manadjè Ka w la. Pou jwenn apwobasyon, soumèt fòm BP-A0148 “Demann Prizonye a Anplwaye” bay Ekip Inite a.

Ou ka mande Ekip Inite w la tou kopi yon dokiman ki nan dosye anvan jijman w la.

Ou ka toujou ranpli yon Freedom of Information Act (FOIA) pou mande materyèl anvan jijman ou a. Ou pa bezwen soumèt yon FOIA demann pou dokiman ki nan dosye anvan jijman ou la sof si enfòmasyon ou mande a pa ka divilge.

Sa vle di ke enfòmasyon yo mande yo pa kapab pataje san yon demann FOIA. Li posib ke yo ka pa kapab pataje 1 avèk ou ditou.

Kouman mwen ka jwenn yon kopi dosye sante mwen ?

Ou ka mande yon kopi **dosye sante w.**

- Pou dosye ki nan dosye medikal ou, soumèt yon demann bay Sèvis Sante lè w soumèt yon Demann Prizonye a Anplwaye (BOP pou BP-A0148).
- Pou dosye ki soti nan dosye sante mantal ou, soumèt yon demann bay Sikoloji lè w soumèt yon Demann Prizonye a Anplwaye (BOP pou BP-A0148)

Yo ka fè w peye yon frè pou yon kopi dosye w yo. Gen kèk nan dosye sante ou yo ki ka pa ka divilge.

E dokiman ki pa ka divilge? Oswa dokiman ki pa nan dosye mwen?

Si w mande enfòmasyon sou dosye w ki nan Biwo a ke yo pa ka ba w, y ap ba w yon kopi nòt administratif ki refize divilge enfòmasyon sa a. Ou ka toujou mande pou dosye sa yo lè w voye yon demann FOIA. Enstitisyon an ap voye yon kopi dosye yo ak nòt administratif ki refize divilgasyon pou demann revizyon FOIA ou a.

Si ou vle mande aksè a lòt dokiman ki pa nan dosye enstitisyon ou la, ou kapab mande l tou lè w voye yon demann FOIA alekri.

Ou ka poste tout demann FOIA yo bay:

FOIA/PA Section
Office of General Counsel, Room 924
Federal Bureau of Prisons
320 First Street, N.W.
Washington, DC 20534

Bibliyotèk Dwa Elektwonik ak Fizik



Pandan w nan prizon, ou ka jwenn aksè a dokimanl legal. Ou kapab prepare dokiman legal yo tou. Anpil etablisman gen yon bibliyotèk dwa fizik ki gen ladann liv rechèch legal, òdinatè pou revizyon enfòmasyon, pwogram edikasyonèl, ak Bibliyotèk Dwa Elektwonik (ELL). Biwo Santral Biwo a mentni dokiman ak baz done nan ELL la.

Èske mwen ka tape yon dokiman?

Ou ka itilize yon òdinatè pou tape ak enprime pou rezon jiridik. Ou gendwa kapab fè sa nan inite detansyon anvan jijman w la. Ou ka mande pou itilize yon machin a ekri pou rezon jiridik. Sepandan, se pa tout enstalasyon ki gen machin a ekri. W ap bezwen achte pwòp riban ou, riban koreksyon, ak papye pou machin a ekri a. Ou ka achte bagay sa yo nan Magazen an.

Èske mwen ka fè pwòp rechèch legal mwen?

Ou ka fè pwòp rechèch legal ou sou òdinatè ELL yo. Gen òdinatè ELL nan bibliyotèk Depatman Edikasyon an oswa nan sal lwazi yo. Òdinatè ELL yo disponib tou nan inite lojman yo. Pa gen okenn frè pou itilize ELL la. Gen yon frè pou chak paj si w enprime nan ELL. Si w bezwen fòmasyon ELL, ou ka soumet yon BP-A0148 “Demann Prizonye a Anplwaye” bay Depatman Edikasyon an.

Kilè mwen ka itilize Bibliyotèk Dwa a?

Bibliyotèk fizik yo ka nan inite lojman an oswa nan Depatman Edikasyon an. Ou ka itilize bibliyotèk dwa/lwazi nan jou ak lè espesifik selon inite lojman w la. Ou ka jwenn jou ak lè sa yo afiche sou tablo afichaj inite yo. Ou ka sèvi ak òdinatè ELL yo sou inite lojman yo pandan tan ou pa nan selil yo.

Ou ka mande plis tan pou rechèch, preparasyon dokiman, oswa revizyon enfòmasyon. Soumet yon BP-A0148 “Demann Prizonye a Anplwaye” bay Depatman Edikasyon pou mande plis tan. Pa egzanp, ou ka bezwen plis tan si:

- ou genyen yon dat limit nan tribinal kap vini.
- ou gen anpil dokimanl enfòmasyon pou revize pou ka w la.

Anpil etablisman gen kat debi ki opere machin kopi yo pou rezon legal nan Edikasyon. Ou ka achte yon kat debi nan magazan an.

Si ou endijan, ou ka elijib pou resevwa:

- yon riban machin a tape,
- riban koreksyon, epi
- yon kantite limite kopi pou chak sesyon nan bibliyotèk dwa a gratis.

Ou ka mande pou yo konsidere yo kòm “endijan.” Pou fè sa, soumet yon BP-A0148 “Demann Prizonye a Anplwaye” bay Depatman Edikasyon. Biwo a gen pwòp egzijans li pou moun ki ka konsidere kòm endijan nan prizon. Si Tribunal la konsidere w endijan, sa pa vle di ou pral satisfè kondisyon Biwo an.

Pou plis enfòmasyon, gade Deklarasyon Pwogram 1315.07, Aktivite Legal Prizonye yo.



Revizyon Enfòmasyon

Pandan dosye kriminèl ou a ou gen dwa pou w revize ak prepare yon defans ki baze sou prèv gouvènman an. Anjeneral gouvènman an bay avoka w la prèv elektwonikman epi yo rele sa enfòmasyon.

Kouman mwen ka revize enfòmasyon mwen?

Gen plizyè fason pou revize enfòmasyon ou:

- **Kopi fizik:** Si enfòmasyon ou a se yon dokiman, avoka w la ka enprime l epi bay yon kopi fizik.
- **Òdinatè:** Ou ka wè enfòmasyon ou sou yon òdinatè si:
 - li gen ladan l anpil dokiman epi li pa pratik pou enprime yo tout, oswa
 - li gen odyo, videyo, ladann oswa lòt dosye dijital.

Lè ou gen enfòmasyon elektwonik pou revize epi li bezwen yon òdinatè, ou ka revize li ak avoka ou pandan yon vizit legal. Ou kapab tou revize li poukout ou sou yon òdinatè enfòmasyon Biwo a.

E enfòmasyon anba yon lòd pwoteksyon? Oswa enfòmasyon ak enfòmasyon sansib?

Gen kèk enfòmasyon ki ka pa apwopriye pou ou genyen oswa wè nan yon zòn komen. Kalite enfòmasyon sa a anjeneral Tribunal la bay lòd pou pwoteje l, nan yon dokiman legal yo rele yon “lòd pwoteksyon”. Sa vle di ke Tribunal la te òdone règleman pou ki moun ki ka wè enfòmasyon an ak fason yo ka revize li oswa pataje l avèk ou.

Enfòmasyon ka gen enfòmasyon ki sansib tou. Gouvènman an, oswa ou menm, ka pa vle lòt moun jwenn aksè oswa wè enfòmasyon sansib yo. Sa a ka vre menm si enfòmasyon an pa anba yon lòd pwoteksyon.

Si enfòmasyon ou a pwoteje anba yon lòd pwoteksyon oswa li sansib, ou ka bezwen tyeke li epi gade li nan yon zòn ki an sekirite ki pa nan inite w la oswa sèlman avèk avoka ou.

Mete etikèt sou enfòmasyon elektwonik

Depandan de etablisman anvan jijman an, ou ka jwenn enfòmasyon elektwonik nan men avoka w oswa nan men pwosekitè a - Biwo Avoka Ameriken an. Chak etablisman mande pou w make enfòmasyon kòmsadwa. Enfòmasyon dwe swiv pwosedi etablisman an tou. Pwosedi sa yo anjeneral gen ladan yon fòm ki mande enfòmasyon espesifik.

Jeneralman yo bay enfòmasyon elektwonik sou aparèy estokaj medya elektwonik. Pou egzanp, yon USB, disk di ekstèn, oswa CD/DVD. Si enfòmasyon an pwoteje pa yon lòd tribunal oswa li sansib, Lè sa a, li dwe byen make.

Si w rive kenbe enfòmasyon ou an nan posesyon w, ou ka bezwen siyen yon fòmilè “Rekonesans Prizonye”. Fòm sa a dokimante ou te resevwa enfòmasyon ou a.

Si ou se yon akize pro-se, pwosekitè a, oswa Asistan Avoka Etazini (AUSA), ka soumèt enfòmasyon ou bay etablisman an lè l sèvi avèk yon pwosedi ki sanble epi li pral kowòdone pwosesis sa a ak Depatman Legal etablisman an.

Odinate Enfòmasyon

Prèske tout enstalasyon anvan jijman gen òdinatè enfòmasyon nan inite lojman an ak nan depatman Edikasyon an. Tout enstalasyon anvan jijman gen omwen yon òdinatè enfòmasyon nan Sal Vizit la.

Si w bezwen espas prive pou w revize enfòmasyon w, ou ka mande pou w fè sa nan Sal Vizit la oswa Depatman Edikasyon an. Ou ka fè sa osi lontan ke espas ak resous Biwo yo pèmèt li.

Si w gen estati endijan nan Biwo a, ou ka mande Depatman Edikasyon oswa Ekip Inite w la kask pou revize enfòmasyon an.

Si w nan faz anvan jijman ka kriminèl ou a men ou pa nan youn nan dis enstalasyon esklizif Biwo prejjiman ki endike anwo a, ou ta dwe toujou kapab revize enfòmasyon an. Si w pa gen aksè a yon òdinatè enfòmasyon nan inite lojman w la oswa nan Depatman Edikasyon an, ou ka mande Ekip Inite w la èd pou jwenn aksè.

Revizyon enfòmasyon elektwonik pa enstalasyon anvan jijman yo

MDC Brooklyn

- Yon fwa Depatman Legal la apwouve l, w ap jwenn enfòmasyon elektwonik pou w kenbe nan inite lojman w la. Li dwe estoke nan kazyè pèsonèl ou akote kabann ou lè ou pa'p itilize l.
- Yo sèlman pèmèt e- enfòmasyon ki pwoteje oswa sansib nan Bibliyotèk Dwa nan Depatman Edikasyon an.
- Gen kazyè sekirize pou estoke dokiman enfòmasyon yo. Yo pral ba w yon kazyè ak yon kombinezon.
- Ou ka vizite Bibliyotèk Dwa a pou revize dokiman ki pwoteje oswa ki sansib yon fwa pa semèn pandan 90 minit. Si w bezwen plis tan, ou ka mande anplwaye Edikasyon yo ak Ekip Inite a.
- Nan sikostans espesyal, Tribunal la ka bay lòd pou yo bay yon laptop pou revize enfòmasyon an. Yo kenbe laptop sa yo nan Sal vizit la. Ou ka mande pou revize Enfòmasyon ou ak laptop yo Lendi jiska Vandredi 8:00 a.m. – 3:00 p.m. nan Sal Vizit la.

MCC Chicago

- Yon fwa Depatman Legal la apwouve l, w ap jwenn enfòmasyon elektwonik pou w kenbe nan inite lojman w la.
- Ou kapab genyen enfòmasyon elektwonik ki pwoteje oswa ki sansib sèlman nan Depatman Edikasyon an. Ou ka tyeke sou sa nan men Sipèvizè Edikasyon an.
- Ou ka pwograme yon tan pou revize enfòmasyon w ki pwoteje oswa sansib avèk Sipèvizè Edikasyon an.

MDC Guaynabo

- Yon fwa Depatman Legal la apwouve l, tout enfòmasyon elektwonik yo pral estoke nan yon kabinè nan Sal Vizit la. Ou ka mande ak pwograme tan pou revize enfòmasyon ou ak Ekip Inite w la, oswa Ofisyè Inite responsab la (“OIC”).
- MDC Guaynabo gen kat (4) Òdinatè Enfòmasyon Biwo a. Ou ka itilize sa yo pou revize enfòmasyon elektwonik nan yon chann ki an sekirite nan Sal Vizit la.

FDC Honolulu

- Yon fwa Ekip Inite a apwouve l, yo pral ba w enfòmasyon elektwonik la pou w kenbe nan inite lojman w la.
- Ekip inite a kenbe enfòmasyon elektwonik ki pwoteje oswa ki sansib. Ou ka tyeke li nan men Ekip Inite a.

FDC Houston

- Yon fwa Ekip Inite a ak Sèvis Enfòmatik la apwouve l, w ap jwenn enfòmasyon elektwonik la pou w kenbe nan inite lojman w la.
- FDC Houston pa gen yon bibliyotèk dwa fizik pou stoke ak wè enfòmasyon. Ou kapab sèlman wè enfòmasyon elektwonik ki pwoteje oswa ki sansib nan Sal Vizit la ak avoka w.

MDC Los Angeles

- Yon fwa Depatman Legal la apwouve l, Ekip Inite a pral ba w enfòmasyon elektwonik pou w genyen l nan inite lojman w la.
- Avoka w la dwe travay avèk Depatman Legal pou fè aranjman pou ou wè enfòmasyon elektwonik ki pwoteje oswa ki sansib.

FDC Miami

- Yon fwa Lyezon Legal la apwouve, Ekip Inite a pral ba w enfòmasyon elektwonik la pou w genyen l nan inite lojman w la.
- Avoka w la dwe travay avèk Depatman Legal pou fè aranjman pou ou wè enfòmasyon elektwonik ki pwoteje oswa ki sansib.

FDC Philadelphia

- Yon fwa Depatman Legal la apwouve l, Ekip Inite a pral ba w enfòmasyon elektwonik pou w genyen l nan inite lojman w la.
- Ou dwe tyeke epi retounen enfòmasyon elektwonik ki pwoteje oswa sansib ki soti nan Ekip Inite a.

MCC San Diego

- Yon fwa Ekip Inite a apwouve l, yo pral ba w enfòmasyon elektwonik la pou w kenbe nan inite lojman w la.
- Ou kapab sèlman tyeke epi gade enfòmasyon elektwonik ki pwoteje oswa sansib nan Bibliyotèk Dwa Depatman Edikasyon an.

FDC SeaTac

- Yon fwa Ekip Inite a apwouve l, yo pral ba w enfòmasyon elektwonik la pou w kenbe nan inite lojman w la.
- Ou kapab sèlman tyeke epi gade enfòmasyon elektwonik ki pwoteje oswa sansib nan Bibliyotèk Dwa Depatman Edikasyon an.

Notè Piblik



Yon notè piblik se yon moun ki gen otorizasyon ak lisans pou sètifye idantite yon moun ki ranpli oswa siyen yon dokiman.

Enstalasyon avan jijman yo jeneralman pa ofri sèvis notè.

Si w bezwen sèvis yon notè:

- Ekip Inite w la ka ba w enfòmasyon sou fason pou jwenn yon notè piblik; oswa
 - avoka w la ka vini ak pwòp notè piblik yo nan yon vizit legal kòm yon Asistan Legal apwouve.
-

Linèt



Linèt preskripsyon

Ou ka kenbe linèt preskripsyon ou yo nan detansyon anvan jijman. Si ou pa gen linèt, men ou bezwen yo pou li dokiman legal ou oswa revize enfòmasyon, ou ka:

- mande etablisman an pou ba w youn; oswa
- fè yon moun nan kominote a voye linèt preskripsyon ba ou.

Ou ka mande pou linèt preskripsyon nan yon sous deyò atravè “Otorizasyon pou Resewwa Pake” fòm BP-A0331.

Fòm sa a pèmèt yo voye linèt yo nan etablisman an epi Sèvis Sante yo ap ba w yo. Ou ka kowòdone sa a ak avoka w la.

Linèt pou w li

Magazen nan enstalasyon anvan jijman yo gen linèt pou li nan divès kalite fòs ke ou ka achte. Si w endijan, ou ka mande linèt pou w li gratis nan Depatman Sèvis Sante yo.

Egzamen Je

Ou ka mande yon egzamen je nan etablisman an pou wè si ou bezwen linèt epi jwenn yon preskripsyon. Biwo a ap ba w linèt sou preskripsyon gratis.

Sepandan, ka gen yon lis datant pou jwenn yon egzamen je ak linèt yo. Ou ka mande pou linèt sou preskripsyon nan yon sous deyò sèvi ak pwosesis ki dekri pi wo a si w bezwen yo pi bonè.

Pou plis enfòmasyon, gade Deklarasyon Pwogram 5800.18, Manyèl pou Resewwa ak Egzeyate, Sek. 403 ak Deklarasyon Pwogram 6031.05, Swen Pasyan, Sec. 27.

Revize Rapò Anvan Santans yo



Apre yo fin kondane w oswa yo jije w koupab, swa atravè yon jijman oswa yon antant ke w koupab, Pwobasyon U.S. ap prepare yon Rapò Presantans (PSR) pou ou.

Ki sa ki nan PSR mwen an?

PSR la:

- bay Tribunal la yon rapò konplè sou istwa pèsonèl ou,
- bay yon rezime detaye sou konpòtman kriminèl lan,
- kalkile gam Direktiv Komisyon Santans Etazini ou an, ak
- fè rekòmandasyon sou longè ak kalite santans ou ta dwe resevwa.

Ou gen dwa wè PSR ou a pou asire w li egzat epi bay enfòmasyon ki enpòtan.

Anvan Santans

Si ou se yon AIC anvan jijman nan prizon Biwo a ki poko kondane, ou ka genyen ak revize yon kopi PSR ou. Ou ka revize PSR la pou prepare pou santans la jiska jou yo kondane w la. Ou ka mande Ekip Inite a kenbe PSR ou a pou ou lè w pa ap revize PSR la aktivman.

Apre Santans

Apre yo fin ba w santans ou, li entèdi pou w genyen yon kopi PSR w la. Yo entèdi tout Adilt ki nan Prizon resevwa oswa genyen PSR yo sof si yo nan detansyon anvan jijman epi yo poko kondane yo. Rezon ki fè w entèdi pou w gen PSR w la se pou pwoteje w pou yo pa fòse w montre oswa bay lòt moun PSR w la. Ou dwe retounen tout kopi yo bay avoka w oswa Ekip Inite w la. Si w gen yon kopi PSR ou apre yo fin kondane w, ou ka sijè a aksyon disiplinè.

Ou ka wè PSR ou a sèlman anba sipèvizyon anplwaye Biwo a apre yo fin ba w santans ou.

Pou plis enfòmasyon, gade Deklarasyon Pwogram 1351.05, CN-1, Divilgasyon Enfòmasyon.

Aksè legal nan Inite Lojman Espesyal



Si w nan yon lojman ki gen restriksyon nan Inite Lojman Espesyal la (Special Housing Unit, SHU), ou toujou gen dwa pou w jwenn aksè legal a avoka w la ak tribinal yo. Fason ou jwenn aksè legal la ka differan pase nan yon inite lojman popilasyon jeneral.

Chak etablisman anvan jjiman SHU gen yon òdinatè enfòmasyon Biwo a ak yon òdinatè ELL. Ou ka mande pou itilize òdinatè Enfòmasyon oswa ELL atravè yon anplwaye SHU. Òdinèman, ou pa gen dwa sèvi ak TRULINCS pandan w nan lojman ki gen restriksyon. Anjeneral, vizit legal yo fêt nan SHU, pa nan sal vizit la. Pa gen okenn kabin telefòn dirèk ki pa kontwole nan SHU. Ou ka mande pou apèl legal atravè Ekip Inite si w ap itilize menm pwosesis ki dekri pi wo a nan Manyèl sa a.

MDC Brooklyn, FDC Philadelphia, oswa MCC Chicago Sèlman

Si w nan MDC Brooklyn, FDC Philadelphia, oswa MCC Chicago, fè demann aksè legal ou bay Lyetnan SHU a.